# QUBLA ARAL BOYI ORTA ÁSIR QALALARI TOPOGRAFIYASI (IX-XIV ÁSIRLER)

**Allanazarova U. Z.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Kirisiw**. Oraylıq Aziya aymaǵı áyyemgi zamanlardan berli qala mádeniyatı rawajlanǵan regionlardan biri bolıp esaplanadı. Bul aymaqta áyyemgi dáwirlerden baslap irrigaciya sistemaları, sawda jolları hám ónermentshilik orayları qáliplesken bolıp, olar qalalardıń payda bolıwı hám rawajlanıwında ayrıqsha rol atqarǵan. Ásirese, Ámiwdárya deltası aymaǵında jaylasqan Qubla Aral boyı orta ásirlerde iri urbanistikalıq hám ekonomikalıq oray sıpatında qáliplesken. Bul aymaq tábiyǵıy-geografiyalıq sharayatları, suw resursları hám sawda jollarına jaqınlıǵı sebepli tariyxıy processlerde ayrıqsha strategiyalıq orın tutqan.

IX-XIV ásirlerde Qubla Aral boyı aymaǵı Xorezm oazisiniń ajıralmas bólegi bolıp, bul jerde iri qalalar hám qorǵanlar sisteması bar bolǵan. Bul dáwirde aymaqta diyqanshılıq, ónermentshilik hám sawda baylanısları keń rawajlanǵan. Ámiwdárya deltası boylap qurılǵan suwǵarıw kanalları awıl xojalıǵınıń rawajlanıwına imkaniyat jaratqan bolsa, Ullı Jipek jolınıń tarmaqları arqalı aymaq xalıqaralıq sawda sistemasına jedel tartılǵan. Nátiyjede Qubla Aralboyı orta ásirlerde Oraylıq Aziyadaǵı zárúr ekonomikalıq hám mádeniy oraylardan birine aylanǵan.

Qubla Aral boyı qalaların úyreniw tariyx, arxeologiya hám geografiya ilimleri ushın úlken ilimiy -izertlew áhmiyetke iye. Usı aymaqtıń arxeologiyalıq estelikleri orta ásir urbanizaciyası, suwǵarıw sistemaları hám ekonomikalıq baylanısların úyreniwde ayrıqsha derek bolıp tabıladı. Ásirese, Mizdakxan, Gúldúrsin, Jampıq qala, Kerder sıyaqlı qala qarabaqanaları orta ásir qala qurılısı hám topografiyalıq dúzilisin úyreniwde úlken ilimiy áhmiyetke iye.

Qubla Aral boyı aymaǵındaǵı arxeologiyalıq izertlewler XX ásirde keń kólemde alıp barıldı. Bul baǵdarda S.P. Tolstov basshılıǵındaǵı Xorezm arxeologiyalıq-ekspediciyası áhmiyetli ilimiy nátiyjelerge erisken. Tolstovtıń izertlewleri nátiyjesinde Xorezm oazisinde kóplegen áyyemgi qalalar hám irrigaciya sistemaları belgilengen [5]. Sonday-aq, YA.Ǵ. Ǵulamov Xorezmniń suwǵarıw sistemaları tariyxın tereń úyrenip, bul aymaqta áyyemnen rawajlanǵan irrigaciya sisteması bar ekenligin ilimiy tiykarda dálillegen [1]. B.V. Andrianov bolsa Ámiwdárya deltası aymaǵındaǵı áyyemgi irrigaciya sistemaların izertlep, qalalardıń jaylasıwı suw sistemaları menen tikkeley baylanıslı ekenligin kórsetip bergen [2]. Usı izertlewdiń tiykarǵı maqseti Qubla Aral boyı aymaǵındaǵı orta ásir qalalarınıń topografiyalıq dúzilisin, olardıń aymaqlıq jaylasıwın hám urbanizaciyalıq rawajlanıw ózgesheliklerin ilimiy tiykarda tallawdan ibarat. Izertlew dawamında qalalardıń jaylasıwı, ishki dúzilisi, qorǵanıw sisteması hám suwǵarıw imaratları úyreniledi hám olardıń orta ásir urbanizaciyasındaǵı ornı anıqlanadı.

**Metodologiya**. Bul izertlew Qubla Aral boyı aymaǵındaǵı IX-XIV ásirlerge tiyisli orta ásir qalalarınıń topografiyalıq dúzilisin úyreniwge qaratılǵan bolıp, onda tariyxıy, arxeologiyalıq hám geografiyalıq metodlardıń kompleksli qollanılıwı tiykarında ilimiy tallaw alıp barıldı. Izertlew dawamında bir neshe ilimiy metodlardan paydalanıldı hám olar óz ara integraciyalanǵan halda qollanıldı. Bul bolsa qalalardıń aymaqlıq jaylasıwı, ishki dúzilisi hám urbanizaciyalıq rawajlanıw ózgesheliklerin tereń talqılaw imkaniyatın berdi.

Izertlew metodologiyası úsh tiykarǵı baǵdarǵa tiykarlandı: tariyxıy dereklerdi tallaw, arxeologiyalıq maǵlıwmatlardı úyreniw hám topografiyalıq tallaw. Dáslep, izertlewde tariyxıy dereklerdi tallaw metodı qollanıldı. Usı metod járdeminde orta ásir avtorları tárepinen jazılǵan tariyxıy hám geografiyalıq shıǵarmalar úyrenildi. Arab hám parsı tariyxshıları hám geografları tárepinen dóretilgen miynetlerde Xorezm oazisi hám Ámiwdárya deltası aymaǵındaǵı qalalar haqqında bahalı maǵlıwmatlar keltirilgen. Sonıń ishinde, al-Istaxriy, al-Muqaddasiy, Ibn Havqal sıyaqlı avtorlar óz shıǵarmalarında Xorezm aymaǵındaǵı qalalar, sawda jolları hám irrigaciya sistemaları haqqında zárúr maǵlıwmatlar bergen. Bul derekler qalalardıń ekonomikalıq hám geografiyalıq áhmiyetin anıqlawda áhmiyetli ilimiy tiykar bolip xizmet etti. Ekinshi áhmiyetli metod sıpatında arxeologiyalıq analiz metodı qollanıldı. Izertlew procesinde Qubla Aralboyı aymaǵında jaylasqan arxeologiyalıq estelikler, sonıń ishinde Mizdakxan, Gúldúrsin, Jampıq qala, Kerder sıyaqlı qala qarabaqanaları haqqındaǵı ilimiy maǵlıwmatlar tallandı. Bul esteliklerde alıp barılǵan arxeologiyalıq qazıwlar nátiyjesinde anıqlanǵan qala diywalları, kóshe sistemaları, turaq jay qaldıqları hám ónermentshilik ustaxanaları qalalardıń urbanistikalıq dúzilisin úyreniwde áhmiyetli derek esaplanadı. Ásirese, Xorezm arxeologiyalıq-ekspediciyası tárepinen ótkerilgen izertlewler bul aymaqtaǵı qalalardıń rawajlanıw tariyxın úyreniwde úlken áhmiyetke iye.

Izertlewde topografiyalıq analiz metodı da keń qollanıldı. Usı metod járdeminde qalalardıń aymaqlıq jaylasıwı, tábiyiy-geografiyalıq sharayatlar menen óz ara baylanısı hám de ishki dúzilisi úyrenildi. Topografiyalıq tallaw arqalı qalalardıń Ámiwdárya deltası kanalları, suwǵarıw sistemaları hám sawda jolları menen baylanıslılıǵı anıqlap berildi. Qalalardıń jaylasıwı kóbinese suw resurslarına jaqın aymaqlarda bolıp, bul jaǵday olardıń ekonomikalıq rawajlanıwına úlken tásir kórsetken. Izertlew dawamında alınǵan barlıq maǵlıwmatlar sistemalı túrde ulıwmalastırıldı hám ilimiy talqılandı. Nátiyjede Qubla Aral boyı aymaǵındaǵı orta ásir qalalarınıń topografiyalıq dúzilisi, aymaqlıq jaylasıwı hám de urbanistikalıq rawajlanıw faktorları haqqında ilimiy juwmaqlar shıǵarıldı.

**Nátiyjeler**. Izertlew nátiyjeleri Qubla Aral boyı aymaǵında IX-XIV ásirlerde rawajlanǵan qala mádeniyatınıń bolǵanlıǵın kórsetti. Arxeologiyalıq izertlewler, tariyxıy derekler hám topografiyalıq tallawlar nátiyjesinde aymaqta bir qatar iri qalalar hám qalalar sisteması qálipleskenligi anıqlandı. Bul qalalar tiykarınan Ámiwdárya deltası aymaǵında, suwǵarıw kanalları hám sawda jolları janında jaylasqan bolıp, bul jaǵday olardıń ekonomikalıq hám sociallıq rawajlanıwına úlken tásir kórsetken. Izertlew dawamında Mizdakxan, Gúldúrsin qalası, Jampıq qala, Kerder qalası hám Qabatqala sıyaqlı iri arxeologiyalıq esteliklerdiń topografiyalıq dúzilisi úyrenildi. Bul qalalar aymaqtıń siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy turmısında áhmiyetli orın tutqan.

Mizdakxan orta ásirlerde Qubla Aralboyı aymaǵındaǵı iri diniy hám mádeniy oraylardan biri esaplanǵan. Arxeologiyalıq qazıwlar nátiyjesinde bul aymaqta kóplegen mavzoleyler, diniy imaratlar hám turaq jay qaldıqları anıqlanǵan. Mizdakxan kompleksi óziniń quramalı arxitekturalıq dúzilisi menen ajıralıp turadı. Bul jerde jaylasqan maqbaralar hám diniy imaratlar aymaqtıń orta ásirler dáwirindegi diniy turmısı haqqında zárúr maǵlıwmat beredi.

Gúldúrsin qalası bolsa Qubla Aral boyı aymaǵındaǵı eń iri qorǵanıw imaratlarınan biri bolıp esaplanadı. Bul qorǵan biyik diywallar, bashnyalar hám dárwazalar menen bekkemlengen bolıp, ol qalanı sırtqı hújimlerden qorǵaw maqsetinde salınǵan. Arxeologiyalıq izertlewler nátiyjesinde qorǵan aymaǵında turaq jay qaldıqları, ónermentshilik ustaxanaları hám xojalıq imaratları anıqlanǵan.

Jampıq qala da aymaqtıń áhmiyetli qalalarınan biri bolıp, ol óziniń jaqsı saqlanǵan qorǵanıw diywalları menen ajıralıp turadı. Qorǵan diywallarınıń qalıńlıǵı ayırım jerlerde 5 metrge jetken. Bul bolsa qalanı qorǵaw sistemasınıń joqarı dárejede rawajlanǵanlıǵın kórsetedi. Jampıq qala aymaǵında alıp barılǵan arxeologiyalıq qazıwlar nátiyjesinde turaq jaylar, kóshe sisteması hám xojalıq imaratlarınıń qaldıqları anıqlanǵan. Kerder qalası Ámiwdárya deltası aymaǵında jaylasqan bolıp, ol áyyemgi suwǵarıw sistemaları menen tıǵız baylanısqan. Arxeologiyalıq izertlewler Kerder aymaǵında rawajlanǵan irrigaciya sisteması bolganlıǵın kórsetedi. Bul sistema arqalı qala átirapı diyqanshılıq aymaqları menen támiyinlengen. Sol sebepli Kerder ekonomikalıq jaqtan rawajlanǵan oraylardan biri bolǵan.

Sonday-aq, Qabatqala sıyaqlı arxeologiyalıq estelikler de aymaqtaǵı qala mádeniyatınıń rawajlanǵanlıǵın kórsetedi. Bul estelikler aymaqta áyyemgi qala qurılısı dástúrleriniń bolǵanlıǵın tastıyıqlaydı. Bul qorǵanlar strategiyalıq jaqtan áhmiyetli orınlarda qurılǵan bolıp, olar sawda jolları hám irrigaciya sistemaları menen baylanısqan.

Topografiyalıq analiz nátiyjelerine qaraǵanda, bul qalalardıń kópshiligi ark, shahristan hám rabad bólimlerinen ibarat bolǵan urbanistikalıq dúziliske iye. Ark bólimi qala hákimiyatı hám áskeriy oray wazıypasın atqarǵan. Bul aymaqta húkimdar sarayı, áskeriy garnizon hám hákimshilik imaratlar jaylasqan. Shahristan bolsa qala xalqı jasaytuǵın tiykarǵı aymaq bolıp, onda turaq jaylar, bazarlar, meshitler hám ónermentshilik ustaxanaları jaylasqan. Rabad bolsa qalanıń sırtqı aymaǵı bolıp, onda sawda orınları, kárwansaraylar hám ónermentler máhálleleri jaylasqan.

Arxeologiyalıq tabılmalar sonı kórsetedi, bul qalalar aymaǵında gúlalshılıq, metallǵa islew beriw, toqımashılıq hám zergerlik sıyaqlı ónermentshilik túrleri keń rawajlanǵan. Ásirese, gúlalshılıq buyımları, metall ásbaplar hám bezew buyımları aymaqta rawajlanǵan ónermentshilik dástúrlerin kórsetedi.

Sonday-aq, izertlew nátiyjeleri sonı kórsetedi, Qubla Aral boyı qalalarınıń rawajlanıwında irrigaciya sistemaları hám sawda jolları áhmiyetli rol atqarǵan. Ámiwdárya deltası aymaǵında qurılǵan kanallar arqalı qalalar suw menen támiyinlengen hám diyqanshılıq rawajlanǵan. Sawda jolları arqalı bolsa aymaq basqa regionlar menen ekonomikalıq baylanıslarda bolǵan. Nátiyjeler sonı kórsetedi, Mizdakxan, Gúldúrsin, Jampıq qala, Kerder, Qabatqala sıyaqlı qalalar Qubla Aralboyı aymaǵında IX-XIV ásirlerde rawajlanǵan urbanistikalıq sistema bar bolǵanlıǵın tastıyıqlaydı. Bul qalalar orta ásirlerde Oraylıq Aziyanıń áhmiyetli ekonomikalıq hám mádeniy oraylarınan biri bolǵan.

**Talqılaw.** Izertlew nátiyjeleri Qubla Aral boyı aymaǵında IX-XIV ásirlerde rawajlanǵan qala sistemasınıń bolǵanlıǵın kórsetedi. Arxeologiyalıq hám topografiyalıq maǵlıwmatlardı tallaw sonı kórsetti, bul aymaqtaǵı qalalardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı tábiyǵıy-geografiyalıq sharayatlar, irrigaciya sistemaları hám sawda jolları menen tıǵız baylanıslı bolǵan. Bárinen burın, qalalardıń aymaqlıq jaylasıwı Ámiwdárya deltası menen tikkeley baylanıslı bolǵan. Suwǵarıw kanallarınıń bar bolıwı diyqanshılıqtıń rawajlanıwına imkaniyat jaratqan, bul bolsa óz náwbetinde xalıq tıǵızlıǵınıń artıwına hám qalalardıń payda bolıwına sebep bolǵan. Máselen, Kerder hám Mizdakxan aymaqlarında anıqlanǵan irrigaciya sistemaları bul aymaqta rawajlanǵan awıl xojalıǵı bar bolǵanlıǵın kórsetedi.

Ekinshiden, qalalardıń rawajlanıwında sawda baylanısları áhmiyetli rol oynaǵan. Qubla Aral boyı aymaǵı Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaqlarınan birinde jaylasqan bolıp, bul arqalı aymaq basqa regionlar menen ekonomikalıq baylanıslarda bolǵan. Arxeologiyalıq tabılmalar, atap aytqanda, gúlalshılıq buyımları, metall ónimleri hám bezew buyımları aymaqta rawajlanǵan ónermentshilik bolganlıǵın kórsetedi. Bul bolsa qalalardıń sawda orayları sıpatında xızmet etkenligin tastıyıqlaydı. Sonday-aq, izertlew nátiyjeleri qalalardıń qorǵanıw sisteması jaqsı rawajlanǵanlıǵın kórsetedi. Gúldúrsin qorǵanı hám Jampıq qorǵan sıyaqlı esteliklerde anıqlanǵan biyik diywallar, bashnyalar hám dárwazalar qalalardı sırtqı hújimlerden qorǵaw ushın qurılǵanlıǵın kórsetedi. Bul bolsa orta ásirlerde aymaqta siyasiy hám áskeriy qáwip-qáter bar bolǵanlıǵın da kórsetedi.

Qalalardıń ishki dúzilisi de Oraylıq Aziya qala qurılısı dástúrlerine sáykes keledi. Izertlewler sonı kórsetedi, Qubla Aral boyı qalalarınıń kópshiligi ark, shahristan hám rabad bólimlerinen ibarat bolǵan. Ark qala hákimiyatı hám áskeriy oray wazıypasın atqarǵan bolsa, shahristan xalıq jasaytuǵın tiykargı aymaq bolǵan. Rabad bolsa sawda hám ónermentshilik xizmeti rawajlanǵan sırtqı aymaq sıpatında qáliplesken.

Solay etip, Qubla Aral boyı qalalarınıń topografiyalıq dúzilisi olardıń ekonomikalıq, siyasiy hám tábiyiy-geografiyalıq faktorlar menen tıǵız baylanıslı halda rawajlanǵanlıǵın kórsetedi. Bul aymaqtaǵı qalalardı úyreniw Oraylıq Aziya urbanizaciya tariyxın tereńirek túsiniwge járdem beredi.

**Juwmaqlaw**. Bul izertlew nátiyjeleri Qubla Aral boyı aymaǵında IX-XIV ásirlerde rawajlanǵan qala mádeniyatınıń bolǵanlıǵın kórsetti. Arxeologiyalıq hám tariyxıy dereklerdiń analizi tiykarında aymaqta Mizdakxan, Gúldúrsin qalası, Jampıq qala, Kerder hám Qabatqala sıyaqlı iri qala orayları jumıs alıp barǵanlıǵı anıqlanǵan. Bul qalalar aymaqtıń ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy turmısında áhmiyetli orın tutqan.

Izertlew dawamında qalalardıń topografiyalıq dúzilisi úyrenilip, olardıń kópshiligi ark, shahristan hám rabad bólimlerinen ibarat bolǵan urbanistikalıq sistemaga iye ekenligi anıqlandı. Ark bólimi qala hákimiyatı hám áskeriy oray

wazıypasın atqarǵan bolsa, qalanıń aymaǵında elatlı punktler, bazarlar hám diniy imaratlar jaylasqan. Rabad bolsa ónermentshilik hám sawda iskerligi rawajlanǵan sırtqı aymaq sıpatında qáliplesken.

Sonday-aq, izertlew nátiyjeleri sonı kórsetti, qalalardıń rawajlanıwında tábiyiy-geografiyalıq faktorlar áhmiyetli rol oynaǵan. Ámiwdárya deltası aymaǵındaǵı suwǵarıw sistemaları awıl xojalıǵı hám ekonomikalıq turmıstıń rawajlanıwına imkaniyat jaratqan. Sawda jolları arqalı bolsa aymaq basqa regionlar menen ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslarda bolǵan. Solay etip, Qubla Aral boyı aymaǵı orta ásirlerde Oraylıq Aziyanıń áhmiyetli urbanistikalıq oraylarınan biri bolǵan. Usı aymaqtaǵı qalalardıń topografiyalıq dúzilisin úyreniw tek ǵana Xorezm oazisiniń tariyxın emes, al pútkil Oraylıq Aziyadaǵı qala mádeniyatınıń rawajlanıw processlerin tereńirek túsiniw imkaniyatın beredi. Bul izertlew nátiyjeleri keleshekte Qubla Aral boyı aymaǵındaǵı arxeologiyalıq esteliklerdi jáne de tereń úyreniw ushın áhmiyetli ilimiy tiykar bolıp xızmet etedi.

**ÁDEBIYATLAR**


1. G'ulomov Ya, G. (1959). Xorazmning sug'orilish tarixi. –Toshkent., «Fan.
2. Андрианов, Б. В. (1969). Древние оросительные системы Приаралья. М.—255 с.
3. Гулямов, Я. Г. (1957). История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней. Izdatel'stvo Akademii nauk Uzbekskoj SSR.
4. Массон, В. М. (2006). Культурогенез древней Центральной Азии (pp. 384-384). Автономная некоммерческая организация" Издательство Санкт-Петербургского государственного университета".
5. Толстов, С. П. (2013). Древний Хорезм. Рипол Классик.
6. Толстов, С. П. (2013). По древним дельтам Окса и Яксарта. Рипол Классик.
7. Туребеков М. Раскопки жилого массива гончаров средневекового Миздахкана. Археология Приаралья. Вып^П. Нукус, 2003. С. 69.


*Qubla aral boyi orta ásir qalalari topografiyasi (ix-xiv ásirler)*


**Annotaciya**. Bul maqalada Qubla Aral boyı aymaǵında IX-XIV ásirlerde bar bolǵan orta ásir qalalarınıń topografiyalıq dúzilisi hám urbanizaciyalıq rawajlanıw ózgeshelikleri úyreniledi. Izertlew dawamında arxeologiyalıq maǵlıwmatlar, tariyxıy jazba derekler hám topografiyalıq tallaw usılları tiykarında Mizdakxan, Gúldúrsin qalası, Jampıq qala, Kerder hám Qabatqala sıyaqlı qalalardıń aymaqlıq jaylasıwı hám ishki dúzilisi tallandı. Izertlew Qubla Aral boyı aymaǵında orta ásir urbanizaciyasınıń joqarı dárejede rawajlanǵanlıǵın kórsetedi.



**Tayanısh sózler:** orta ásir qalaları, topografiya, Xorezm, ark, shahristan, rabad, irrigaciya, arxeologiya, urbanizaciya.


*Топография средневековых городов южного приаралья (ix–xiv века)*


**Аннотация**. В данной статье исследуются топографическая структура и особенности урбанистического развития средневековых городов Южного Приаралья в IX–XIV веках. В ходе исследования на основе археологических материалов, исторических письменных источников и топографического анализа были изучены территориальное расположение и внутренняя структура таких городов, как Миздакхан, Гулдурсин-кала, Джампык-кала, Кердер и Кабат-кала. Результаты исследования показали, что данные города имели сложную урбанистическую структуру, состоящую из арка, шахристана и рабада. Исследование подтверждает высокий уровень развития средневековой урбанизации в регионе Южного Приаралья.



**Ключевые слова:** средневековые города, топография, Хорезм, арк, шахристан, рабад, ирригация, археология, урбанизация.


*Topography of medieval cities of the southern aral sea region (9th–14th centuries)*


**Abstract**. This article examines the topographic structure and urban development features of medieval cities of the Southern Aral Sea region during the 9th–14th centuries. The study is based on archaeological data, historical written sources, and topographic analysis. The territorial location and internal structure of cities such as Mizdakxan, Guldursin fortress, Jampik qala, Kerder and Qabat qala were analyzed. The results show that these cities had a complex urban structure consisting of the citadel (ark), shahristan, and rabad. The study confirms the high level of urbanization in the Southern Aral Sea region during the medieval period.



**Keywords**: medieval cities, topography, Khorezm, citadel, shahristan, rabad, irrigation, archaeology, urbanization.


---